

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

Twazyèm Dòz - Vaksen COVID-19 pou Moun ki Iminodefisyen

Kesyon ki Poze Pi Souvan

Poukisa genyen yon twazyèm dòz pou COVID-19?

Yon twazyèm dòz bay pwoteksyon anplis kont COVID-19. Apati 16 dawout 2021, yo preskri yon twazyèm dòz sèlman bay moun ki gen kèk pwoblèm medikal grav oswa ki ap resevwa tretman ki febli sistèm defans kò yo. Se paske kò yo pa reyaji ase vit aprè vaksen an, jan kò lòt moun yo reyaji ak sèlman de dòz, se poutèt sa yo bezwen pran yon piki anplis.

Kiyès ki kalifye pou yon twazyèm dòz vaksen kont COVID-19 la?

Ou dwe respekte toulètwa kondisyon pi ba yo pou w kalifye:

- + Ou gen 12 lène oswa pi plis.
- + Ou te resevwa de dòz swa vaksen Pfizer oswa vaksen Moderna sa gen omwen 28 jou.
- + Ou se yon moun sistèm defans kò w vrèman ba (iminodefisyen).

Kisa «iminodefisyen» vle di?

Moun ki iminodefisyen yo se moun ki gen yon maladi oswa ki ap pran yon medikaman ki febli sistèm defans kò yo epi sa lakòz li pi difisil pou yo goumen ak enfeksyon yo. Moun sa yo prezante gwo risk pou pran maladi grav COVID-19 la koze.

Moun ki gen iminodefisyans ki modere pou rive sou sa ki grav yo se moun ki:

- + Ap resevwa tretman pou kansè, tankou chimyoterapi
- + Ap resevwa pou kounya tretman ki gen ladan l gwo dòz kòtikostewoyid (≥ 20 mg prednisone oubyen parèy li) oubyen ki ap pran medikaman ki febli sistèm kò ou
- + Te sibi yon grèf ògan epi kounye a ki nan terapi iminosipresiv
- + Te sibi yon grèf selil souch nan de dènye lène sa yo
- + Gen yon VIH ki nan estad avanse oubyen ki pa trete
- + Gen yon lòt kòz ki modere oswa ki agrave iminodefisyans yo (tankou sendwòm DiGeorge oubyen sendwòm Wiskott-Aldrich)

Èske li pridan pou pran yon twazyèm dòz?

Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA), Sant pou Kontwòl ak Fè Prevansyon pou Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), ak ekspè endepandan yo te jije ke avantaj yon twazyèm dòz la depase risk yo konnen ki genyen oswa ki ka genyen.

Kilè mwen dwe pran twazyèm dòz la?

Ou dwe pran twazyèm dòz la omwen kat semèn aprè dezyèm dòz la. Ou ka pran yon twazyèm dòz aprè kèlkeswa kantite tan ki pase aprè ou te fin pran dezyèm dòz la.

Ki kote mwen ka pran twazyèm dòz la?

Ou ka pran twazyèm dòz la nan nenpòt espas NYC Health + Hospital ak lòt kote alantou vil la. Li pa oblije se menm kote ou te pran de premye dòz yo pou ou pran twazyèm dòz la.

Pou ou jwenn yon kote y ap bay vaksen an, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oubyen rele 877-VAX-4-NYC (877-829-4692).

Èske mwen bezwen referans yon doktè pou m pran twazyèm dòz la?

Ou pa bezwen referans yon doktè pou w pran twazyèm dòz la. Toutfwa, si ou pa sèten ou kalifye oswa si ou gen nenpòt kesyon patikilye ki konsène dosye medikal ou, nou rekòmande w pale sa avèk doktè w la. Tout pasyan yo ap gen pou sètifye toulètwa egzijans yo nan moman y al pran vaksen an, sa vle di laj yo (plis pase 12 lène), dosye vaksinasyon w te gen deja (ki di w te pran de dòz Moderna oubyen Pfizer sa gen plis pase 28 jou), epi si yo se moun ki gen iminodefisyans ki modere oswa ki grav, jan sa te defini pi wo a.

Èske mwen bezwen bay prèv mwen te vaksinen deja?

Si ou gen kat CDC ou ki gen dat ou te vaksinen deja yo ou dwe pote l. Toutfwa, si ou pa genyen l, ou ka toujou al pran twazyèm dòz la men w ap gen pou sètifye ou te pran 2èm dòz ou a sa gen plis pase 28 jou.

Èske twazyèm dòz la gratis?

Wi, twazyèm dòz la gratis pou moun ki kalifye yo. Si ou gen asirans, nou ka voye yon fakti bay konpayi a, men ou p ap peye yon kopèman pou sa ni okenn lòt frè.

Èske m dwe pran yon randevou pou twazyèm dòz la?

Ou ka ale nan nenpòt lopital NYC Health + Hospitals pou ou pran twazyèm dòz la. Pou lòt adrès yo, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oubyen rele 877-VAX-4-NYC (877-829-4692).

Mwen pa kapab vwayaje. Èske mwen ka pran twazyèm dòz la lakay mwen?

Tout Nouyòkè ki gen 12 lène oswa pi plis ka pran vaksen an lakay yo. Ou ka anrejistre pou yo vaksinen w lakay ou sou forms.cityofnewyork.us/f/home (fòm sa pa aksesib atravè Internet Explorer) oubyen rele 877-VAX-4NYC (877-829-4692).

Èske li se yon piki 'rapèl'?

Yo konsidere l kòm suit premye ak dezyèm dòz vaksen an pou ede moun iminodefisyans grav yo devlope plis iminite posib kont viris la epi tou yo konsidere l nan «seri prensipal» vaksen an, sa ki fè 3 piki antou.

Èske kantite vaksen nan piki sa diferan de sa ki te nan premye yo?

Non. Kantite vaksen ki nan twazyèm dòz la egzaktman menm jan ak sa ki te nan premye ak dezyèm dòz la.

Mwen souffri yon maladi kwonik ki ka mete m nan gwo risk pou m malad anpil si m trape COVID-19 (tankou sik, maladi kè, obezite, fimen oswa maladi kwonik bwonchonemopati obstriktiv (Chronic Obstructive Pulmonary Disease, COPD). Èske mwen dwe pran yon twazyèm dòz?

Menmsi kèk maladi kwonik ka mete w nan gwo risk pou w trape maladi ki pi grav aprè enfeksyon COVID-19 la, ou pa bezwen yon twazyèm dòz nan moman an. Yo pwouve de dòz vaksen Pfizer oubyen Moderna oswa yon sèl dòz vaksen Janssen Johnson & Johnson lan bay pifò granmoun yo ase pwoteksyon kont COVID-19 la.

Toutfwa, rekòmandasyon yo ka chanje toutotan syantifik yo ak doktè yo ap aprann plis sou COVID-19 la ak sou vaksen yo. Li posib pou yon jou ou vin kalifye pou yon twazyèm dòz menm si ou pa kalifye jodi a.

Si mwen te pran de premye dòz vaksen Moderna a, èske se Moderna mwen dwe pran nan twazyèm dòz la?

Twazyèm dòz ou a ka swa Moderna swa Pfizer. Se paske toulède se vaksen mRNA epi yo aji menm jan. Toutfwa, si ou gen 12 lène pou rive 17 lène, ou dwe pran vaksen Pfizer a, akòz FDA mete apwobasyon vaksen Moderna a an atant pou timoun ki gen pi piti pase 18 lène. Si ou te pran de premye dòz vaksen Pfizer a, ou ka pran swa Pfizer swa Moderna nan twazyèm dòz la, kèlkeswa laj ou.

Mwen Te Pran Vaksen Janssen Johnson & Johnson nan. Èske mwen dwe pran yon twazyèm dòz?

Pou kounye a, FDA pa otorize yon dòz anplis pou moun defans kò yo fèb epi ki te resevwa vaksen COVID-19 Johnson & Johnson nan. Nou atann gen lòt enfòmasyon k ap disponib nan pa twò lontan.